

# VOTE AKSESIB ADISTANS PA LAPÒS

## KISA

- Sistèm vòt aksesib la pèmèt yon moun ki avèg oubyen ki gen difikilte li lèt enprimri pou yo make bilten vòt sekrè, endepandan, e verifyab pa lapòs apati yon òdinatè.
- Li pèmèt ou vote lakay e ba w menm eksperyans ak lè w vote nan yon biwo vòt.


## KIYÈS

- Access the Vote Florida (ATVFL) se chapit eta a pou pwojè REV UP! la.
- Pwojè REV UP! la te kòmanse pa Asosyasyon ameriken pou moun ki gen andikap (AAPD).
- Pwojè a te kòmanse pou ogmante patisipasyon politik kominote moun ki gen andikap e angaje kandida e medya yo sou pwoblèm andikap.

# VOTE AKSESIB ADISTANS PA LAPÒS



# NAN FLORIDA, TOUT MOUN GEN DWA POU YO VOTE AN SEKRE.



## POUKI

Vote nan bilten sekre esansyèl pou entegrite pwosesis elektoral la, poutèt li pèmèt moun k ap vote yo vote san krent e san entimidasyon.

## KIJAN

**ETAP #1:** Se pou w anrejistre pou vote. Ou ka verifye anliy si w anrejistre.

**ETAP #2:** Se pou w kominike avèk sipèvizè eleksyon konte kote w rete a e mande pou yon bilten vòt pa lapòs.

**ETAP #3:** Se pou w mande tou pou aksè adistans nan bilten vòt pa lapòs.

## RESOUS

**Anrejistre pou w vote anliy:**  
[RegisterToVoteFlorida.gov](https://RegisterToVoteFlorida.gov)

**Kominike avèk sipèvizè eleksyon konte kote w rete a:**  
[MyFloridaElections.com](https://MyFloridaElections.com)

**Access The Vote Florida:**  
[AccessTheVote.org](https://AccessTheVote.org)



**WI!** W AP MANDE  
POU 2 BILTEN VÒT PA  
LAPÒS, YON BILTEN  
VÒT ÒDINÈ E YON  
BILTEN VÒT AKSESIB.

